

# Tès COVID-19

## *pou Travayè Agrikòl yo*

### Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ)

**Q: Konbyen tès la koute?**

**A:** Tès la gratis pou travay la, travayè agrikòl la ak fanmi yo.

**Q: Kijan agrikiltè yo, antreprenè agrikòl, ak travayè agrikòl yo patisipe nan inisyativ tès COVID-19 la?**

**A:** Sit tès yo pral louvri pou vini san randevou oswa ak randevou. Tès mobil pou gwoup yo gendwa disponib pou vini nan sit travay ou an. Tanpri li depliyen an pou jwenn enfòmasyon sou kalandriye tès yo ak pou pwograme yon randevou pou moun oswa pou gwoup.

**Q: Èske travayè agrikòl yo ka mennen manm fanmi yo nan sit tès sa a pou fè tès tou?**

**A:** Wi, epi gratis.

**Q: Ki enfòmasyon ki nesèsè pou patisipe nan evènman an?**

**A:** Non, dat nesans, ak nimewo telefòn. Yo pral egzije pou w mete yon mask pou vizaj sou sit tès la.

**Q: Kijan ou ka jwenn rezilta tès yo?**

**A:** Rezilta tès yo pral sèlman pataje avèk moun ki te fè tès la oswa yon moun ke moun sa a dezinye pou resevwa rezilta yo onon li.

**Q: Kisa travay la fè lè yon travayè enfòm yo konsènan yon tès COVID-19 ki pozitif?**

**A:** Travay la dwe kolabore dirèkteman avèk depatman sante lokal la sou pwosesis depistaj, izòlman ak karantèn, ak bezwen lojman pou travayè agrikòl yo. Travay la dwe swiv, jan sa ka fèt, konsèy Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) a te bay “Travayè ak Anplwayè Agrikòl yo (Agricultural Workers and Employers)” ki disponib sou sit entènèt CDC a.



Tès la p ap fè mal



Sispann pwopagasyon an



Mete yon mask pou vizaj



**Tès COVID-19 la san danje. Espas travay ou an ap eseye garanti sekirite w.**